

Nama:

Kelas:

PENILAIAN HARIAN KELAS 8 - BAB 1



Pilih jawaban anu pangbenerna numutkeun hidep!
(Pilih jawaban yang paling benar menurut kamu!)

1. **Dina carpon aya sababaraha unsur, salah sahijina nyaéta Jejer. Jejer hartina...**
 - A. Inti carita
 - B. Tokoh atawa palaku dina carita
 - C. Latar tempat jeung waktu kajadian
 - D. Urutan kajadian anu jadi runtuyan carita.
2. **Dina carpon aya sababaraha unsur, salah sahijina nyaéta Galur. Galur hartina...**
 - A. Inti carita
 - B. Tokoh atawa palaku dina carita
 - C. Latar tempat jeung waktu kajadian
 - D. Urutan kajadian anu jadi runtuyan carita.
3. **Pesan anu rék ditepikeun ka pembaca ti pangarang disebutna...**

A. Jejer	C. Amanat
B. Palaku	D. Galur
4. **Dina carita pondok (carpon) dumasar kana peranna, palaku téh dibagi jadi tilu. Di handap anu lain peran palaku dina carpon nu...**

A. Tambahan	C. Pendukung
B. Utama	D. Figuran
5. **Di handap ieu mangrupa sasaruuan antara carpon jeung dongéng, nyaéta...**
 - A. Sarua carita anu panjang
 - B. Sarua dina bentuk prosa
 - C. Duanana carita anu ngandung pamohalan (tidak masuk akal)
 - D. Duanana aya ngaran pangarangna

Hiji poé, waktu balik ti sakola, sabot manéhna ngadagoan angkot, hapé anu aya dina jero tas sakola téh ujug-ujug disada, tandana aya anu ngontak. Gancang dikodok, terus dibuka. Tétéla telepon ti Anggun, batur sakelasna. Maksudna mah ngabéjaan yén engké soré rék nyampeur, ngarah bisa bareng indit ka tempat latihan Pramuka.

"Tabuh opat nya, Nik. Manik kedah ngantosan Anggun."

"Muhun, mangga. Abdi badé ngantosan"

6. Dina sempalan carita pondok "Hapé" di luhur, nunjukkeun kasang (latar) waktu...

- A. Isuk-isuk
- B. Siang
- C. Peuting
- D. Soré

7. Saha ari Anggun dina carita éta?

- A. Babaturan sakelas Manik
- B. Lanceukna Manik
- C. Budak leutik di jalan
- D. Indungna Manik

1	Tiba-tiba seorang anak yang sedang mengejar layangan hampir tertabrak motor.
2	Manik sedih, karena hapé miliknya rusak, serta tidak lagi bisa menyala.
3	Ayahnya berjanji akan memberi hape baru kepada Manik.
4	Manik ingin punya hape untuk kepentingan sehari-hari, khususnya dalam kegiatan belajar.
5	Sepulang dari sekolah ketika sedang menunggu angkot, Manik ditelepon Anggun.
6	Manik merasa sangat senang, karena diberi hape oleh bibinya.
7	Manik spontan menarik tangan si anak, hingga hape yang dipegangnya jatuh ke atas jalan aspal.

8. Perhatikeun tabél di luhur.

Galur téh nyaéta runtuyan kajadian dumasar kana jalan carita.

Dina carpon "Hapé", galur anu bener téh nyaéta...

- A. 4-6-5-1-7-2-3
- B. 4-6-2-1-3-7-3
- C. 2-3-4-1-7-6-5
- D. 2-3-7-5-7-1-4

9. Amanat anu aya dina carita pondok "Hapé" téh nyaéta...

- A. Hapé anyar kudu diasupkeun kana tas
- B. Nyawa jalma (budak leutik anu rék katabrak motor) leuwih penting tibatan hapé.
- C. Urang kudu terus ménta ka kolot lamun aya kahayang.
- D. Lamun di kelas, hapé téh kudu dipareuman.

10. Unsur anu aya dina carpon nu ngabahas ngeunaan latar waktu & tempat disebut...

- A. Jejer
- B. Kasang
- C. Palaku
- D. Amanat